

## **BAB III**


### **METODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan mangrupa bagian penting dina runtuyan panalungtikan, nyaéta mangrupa tarékah pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun masalah nu keur karandapan. Lian ti kitu, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2005, kc. 60) yén pamarékan kualitatif mangrupa hiji panalungtikan nu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung sistem pamikiran sacara individual atawa kelompok. Sababaraha déskripsi dipaké pikeun nyangkem prinsip-prinsip jeung pamahaman nu nuduhkeun kana kacindekan.

Galur anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku wawancara, transliterasi naskah tina aksara Pégon ka Latén, studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, analisis data, jeung satuluyna hasilna dipedar dina eusi panalungtikan.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa hiji rarancang, gambaran, atawa sawangan ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun pikeun hiji panalungtikan. Ieu hal ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc. 22-23) yén désain panalungtikan mangrupa prosés nu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Ditétélakeun ogé ku Sukmadinata (2005, kc. 287) yén désain panalungtikan nyaéta hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu panalungtikan miboga desain pikeun dadasar panalungtik ti mimiti prosés ngumpulkeun data nepi ka ngolah data. Gambaran léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun dipedar dina bagan ieu di handap.



**Bagan 3. 1**  
**Désain Panalungtikan**

### 3.1.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) yén nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana asal data. Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta naskah “Layang Carios Abduloh” nu aya di Kampung Sukahayu perenahna di Kecamatan Cimaragas, Kabupatén Ciamis. Ieu naskah ditulis dina basa Sunda kalawan ngagunakeun aksara Pégon, kandelna 329 kaca. Jenis kertas nu dipaké kertas polio. Jumlah pada dina naskah aya 2.443 pada jeung ngagunakeun 13 pupuh, nyaéta asmarandana, pucung, magatru, mijil, dangdanggula, pangkur, kinanti, durma, sinom, wirangrong, ladrang, maskumambang jeung gambuh. Naskah wawacan “Layang Carios Abduloh” mangrupa koléksi atawa arsip pribadi Aki Hamid anu diwariskeun sacara turun-tumurun ti Ulama Suwanta. Eusi wawacan “Layang Carios Abduloh” mangrupa biografi jeung nyaritakeun lalakon Nabi Muhammad.

### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku sababaraha cara, di antarana nyaéta ngaliwatan wawancara, téhnik studi pustaka jeung téhnik dokuméntasi. Wawancara (*interview*) mangrupa salah sahiji téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa léngkah mimiti dina panalungtikan pikeun manggihan masalah nu kudu ditalungtik, sarta pikeun mikanyaho hal nu leuwih teleb ti réspodén. Wawancara dilaksanakeun sacara teu terstruktur jeung informan anu jadi sumber datana (Sugiyono, 2018, kc. 137). Nurutkeun Satori jeung Komariah (2009, kc. 152) yén studi pustaka nyaéta cara pikeun ngumpulkeun bahan panalungtikan nu mangrupa buku atawa jurnal anu saluyu jeung fokus kajian. Sedengkeun dokuméntasi nyaéta pikeun ngumpulkeun dokuméntasi jeung data nu diperlukeun dina pasualan

Ilham Fauji, 2020

**TRANSLITERASI JEUNG AJEN KAAGAMAAN DINA NASKAH LAYANG CARIOS  
ABDULOH**

Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

panalungtikan, tuluy ditalaah sacara inténs sangkan saluyu jeung nu ditalungtik (Satori jeung Komariah, 2009, kc. 149).

Téhnik wawancara diperlukeun pikeun maluruh raratan naskah ti nu boga naskah. Téhnik Studi pustaka digunakeun pikeun néangan sumber-sumber tiori pikeun kabutuhan référénsi (tiori filologi, wawacan, jeung ajén kaagamaan). Sedengkeun, tiori dokuméntasi pikeun maluruh ajén kaagamaan nu nyampak dina naskah “Layang Carios Abduloh”.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) néangan raratan naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”;
- 2) nyusun transliterasi naskah wawacan “Layang Carios Abduloh” tina aksara Pégon kana aksara Latén; jeung
- 3) nyirian ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”.

### **3.3.2. Téhnik Ngolah Data**

Sabada data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan téhnik analisis sacara langsung kana ajén kaagamaan nu nyampak dina naskah. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) ngébréhkeun déskripsi, idéntitas, jeung kaayaan naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”;
- 2) midangkeun hasil transliterasi téks naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”; jeung
- 3) nganalisis ajén kaagamaan nu nyampak dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”.

### **3.3 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun ngarojong sangkan panalungtik bisa nyangking informasi anu diperlukeun. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) yén instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikanna leuwih babari jeung bisa nyangking hasil nu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolah. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara pikeun

**Ilham Fauji, 2020**

**TRANSLITERASI JEUNG AJEN KAAGAMAAN DINA NASKAH LAYANG CARIOS  
ABDULOH**

**Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)**

maluruh raratan naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”, ogé kartu data pikeun nataan ajén kaagamaan nu aya dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”.

Lian ti éta, instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku Pedoman Ringkas Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pégon (Ruhaliah, 2012), Palanggeran Éjahan Basa Sunda (2014), Kamus Basa Sunda (Danadibrata, 2015), jeung Al-Qur’an Tarjamah Sunda (Shales dkk., 2017).

Kartu data miboga pungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nu ngawengku eusi naskah. Tujuanna sangkan leuwih gampang dina nganalisis data sarta nyieun kacindekanna. Kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén saperti gambar ieu di handap.

a. Akidah

Kartu Data Analisis Akidah	
Wanda	:
Sumber	:
Nomer Pada/Padalisan	:
Padalisan	:

**Tabél 3. 1**  
**Kartu Data Analisis Akidah**

b. Ahlak

Kartu Data Analisis Ahlak	
Wanda	:
Sumber	:
Nomer Pada/Padalisan	:
Padalisan	:

**Tabél 3. 2**  
**Kartu Data Analisis Ahlak**

c. Syari’ah

Kartu Data Analisis Syari’ah	
Wanda	:

Ilham Fauji, 2020

**TRANSLITERASI JEUNG AJEN KAAGAMAAN DINA NASKAH LAYANG CARIOS  
ABDULOH**

Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)

Sumber	:
Nomer Pada/Padalisan	:
Padalisan	:

**Tabél 3. 3**  
**Kartu Data Analisis Syari'ah**

Keterangan:

- (1) Wanda nyoko kana ajén kaagamaan nu ngawengku akidah, ahlak, jeung syari'ah nurutkeun tiori (Afriatin, 1997);
- (2) Data kalimah nyaéta ungkara nu miboga ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”;
- (3) Nomer pada/padalisan nuduhkeun kalimah aya dina pada jeung padalisan ka-; jeung
- (4) Sumber ajén kaagamaan nu ngawengku Al-Qur'an jeung as-sunah.

Dina ngalaksanakeun kagiatan wawancara ogé, diperlukeun pedoman sangkan informasi nu kacangking luyu jeung kabutuhan panalungtik. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

1. Judul naskah	
a. Dina naskah	:
b. Ceuk nu boga naskah	:
2. Nu ngarang naskah	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Pakasaban	:
d. Padumukan	:
3. Nu nyalin naskah	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Pakasaban	:
d. Padumukan	:
4. Nu boga naskah	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Pakasaban	:
d. Padumukan	:
5. Asal-usul naskah	:
6. Fungsi naskah	
a. Baheula	:
b. Ayeuna	:
7. Ukuran naskah	:
8. Ruang tulis	:
9. Kaayaan naskah	:
10. Jumlah kaca	:
11. Jumlah baris unggal kaca	:
12. Basa	:
13. Aksara	:
14. Ukuran aksara	:
15. Wangun aksara	:
16. Alat tulis	
a. Jenis alat tulis	:
b. Warna mangsi	:
c. Warna kertas	:
d. Jenis kertas	:
17. Paginasi (penomeran kaca)	:
18. Iluminasi (hiasan)	:
19. Jumlah pupuh	:
20. Jumlah pada	:
21. Wangun katerangan	:

**Tabél 3. 4**  
**Pedoman Wawancara**

**Ilham Fauji, 2020**

**TRANSLITERASI JEUNG AJEN KAAGAMAAN DINA NASKAH LAYANG CARIOS  
ABDULOH**

**Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)**